kiritish mumkin. Talabalarga har xil murakkablik va mavzudagi elektron shakldagi krossvordlarni kompyuter yordamida yechish taklif etiladi. Buning natijasida talabada (to‘g‘ri javobni topa olmagan taqdirda) axborot axtarish, internet tarmoqlaridan maqsadli foydalanish ko‘nikmalari shakllanadi.

Ko‘rgazmali o‘qitishda kompyuter o‘yinlari – bu mozaika ko‘rinishidagi o‘yin bo‘lib, unda talabalarga alohida parcha tasvirlardan yagona va yaxlit tasvir hosil qilish taklif etiladi. Mazkur o‘yin turi tarixiy shajarashunoslik, san’at asarlari tarixi, tarixiy obidalar, mashhur shaxslarning faoliyatini o‘rganishda muhimdir.

O‘qitishning amaliy metodiga xos bo‘lgan o‘yin turlariga “Kim millioner bo‘lishni xohlaydi?”, “Zinama-zina”, “Zakovat” teleo‘yinlari loyihasiga asoslangan o‘yinlarni kiritish mumkin. Bunday o‘yinlar talabalarning bilish faoliyatini rivojlantirishga qaratiladi [7:24]. O‘yinda yana bir ahamiyatli holat shuki, savollar sekin-astalik bilan murakkablashib boradi: bu esa talabada qiziqish va motivatsiyaning ortishiga sabab bo‘ladi. Bu turdagi o‘yinlar o‘zlashtirilgan materiallarni mustahkamlash va sinovdan o‘tkazish uchun qiziqarli hamda ishonchli vositadir.

Shunday vazifalar majmuasidan biri “An’anaviy krossvord”dir. Uning dasturiy ta’minoti krossvord topshiriqlarini qog‘ozda emas, kompyuter monitorida bajarishni ko‘zda tutadi. Qog‘ozdagi krosvordlardan farqli ravishda, asosiy o‘quv quroli sifatida qalam emas, balki klaviatura va sichqonchadan foydalaniladi. Elektron krossvordlarni tuzish, yechish va ishlab chiqishni amalga oshirish uchun instrumental o‘yin vositalaridan foydalanish talabaning tafakkurini oshiradi, o‘z fikrini sodda, mukammal ifodalash ko‘nikmasini shakllantiradi.

**Xulosa.** Shunday qilib, aytish mumkinki, kompyuter o‘yinlarini ta’lim jarayoniga tatbiq etish sohaning eng muhim masalalarini hal etish imkonini beradi. Ya’ni talabada motivatsiyani rivojlantirish, refleksiyani shakllantirish, fikrlash qobiliyatini oshirish, o‘zlashtirilgan bilimlarni o‘z o‘rnida qo‘llay bilish va shu kabilarda muhim o‘rin tutadi. Kompyuter o‘yinlarining yanada mahsuldorligiga erishish uchun modellashtiruvchi dasturlardan foydalanish tavsiya etiladi.

Shuningdek, mazkur dasturlarda talabaning maqsadga erishishi bilan o‘yin natijalari o‘rtasida o‘zaro uyg‘unlik ko‘zda tutilmaydi hamda o‘yin davomida o‘rganib borish tamoyilining ustivorligiga asoslaniladi.

Shuningdek, kompyuterda didaktik o‘yinlardan foydalanishda:

-taqdim etiladigan topshiriqlarning muayyan auditoriya talabalari tomonidan qabul qilinishi va unga qiziqish bildirilishi;

-aniq bir vazifaning javob variantlarini taqdim etishda har bir talabada ta’lim-tarbiyaviy jarayonlar asosida tasavvur hosil qilishni ko‘zda tutish;

-tuzilgan vazifalar va savollarning talaba tasavvuri, bilim va tushunchalari doirasida bo‘lishiga erishish va shu kabi omillar hisobga olinishi lozim.

Demak, kompyuterda didaktik o‘yinlar yordamida bo‘lajak o‘qituvchilar egallagan bilimi, ko‘nikma, malaka va kompetensiyalarini amaliyotga qo‘llash mumkinligini ko‘rsatadi.

**Adabiyotlar**

1. Балыкина Е.Н. Компьютерная дидактическая игра как компонента современных педагогических технологий. / Е.Н.Балыкина, А.А.Приборович. // Развитие методологических исследований и подготовка кадров историков в Республике Беларусь, Российской Федерации и Республике Польша: сб. науч.ст.; под науч. ред. проф. А.Н.Нечухрина. – Гродно: ГрГУ, 2012. – С. 303.
2. Turaeva G. E. (2022, February). Some aspects of educating students to become highly qualified and competitive personnel. In Conference Zone (pp. 163-165).
3. Turaeva G. E. (2021). Improving the efficiency of the educational process using computer technology. ACADEMICIA: An International Multidisciplinary Research Journal, 11(8), 407-410.
4. Turaeva G. E. (2021). The effectiveness of the use of computer technology in the educational process. Asian Journal of Multidimensional Research, 10(8), 90-93.
5. Тураева Г. Э., Бадалов Д. А. (2019). Инновационный подход к обучению геометрическим фигурам ученикам начальных классов. Научные горизонты, (5-1), 320-323.
6. Исмоилов Б.Т., Бадалов Д.А., Тураева Г. Э. (2019). Постановка и решение задачи: найти площадь четырехугольника по четырём сторонам. Научные горизонты, (5-2), 43-47.
7. Hamdamov R., Begimkulov U., Tayloqov N. Ta’limda axborot texnologiyalari. -T.: “O‘zbekiston Milliy Ensiklopediyasi” Davlat ilmiy nashriyoti, 2010, 24-b.

**REZYUME.** Ta’lim maqsadlariga qaratilgan didaktik o‘yinlar ta’lim-tarbiyaning zamonaviy psixologik-pedagogik texnologiyalar orasida muhim ahamiyatga ega. Ushbu maqolada axborot kommunikatsiya vositalari asosida kompyuterli didaktik o‘yinlar texnologiyalari, ularning muhim funksiyalari va ta’lim-tarbiya jarayonidagi o‘rni haqida ma’lumotlar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Дидактические игры, направленные на воспитательные цели, занимают важное место среди современных психолого-педагогических технологий обучения. В данной статье представлена информация о технологиях компьютерных дидактических игр на основе средств информационного общения, их важных функциях и роли в образовательном процессе.

**SUMMARY.** Didactic games aimed at educational purposes occupy an important place among modern psychological and pedagogical learning technologies. This article provides information about the technologies of computer didactic games based on information communication tools, their implementation of functions and roles in the educational process.

## ЖОҚАРЫ ОҚЫЎ ОРЫНЛАРДА ТАЛАБА ЖАСЛАРДЫҢ ЭСТЕТИКАЛЫҚ ТӘРБИЯ ПРОЦЕСИНИҢ ӘҲМИЙЕТИ

**Т.В.Уразимова –** *көркем-өнертаныў илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** педагогика, эстетик тарбия тизими, инновацион технология, тасвирий санъат, ижодкорлик.
**Ключевые слова:** педагогика, система эстетического воспитания, инновационая технология, изобразительное искусство, творчество.
**Key words:** pedagogy, aesthetic education system, innovative technology, fine arts, creativity.

Көркем өнердиң дөретиўшилик негизи, көркемлик искерликтиң эвристикалық сыпатламасы («әлем көринислериниң» көп түрлилиги, илимий жаңалықты ойлап табыўшылықтың биріншилиги, айрықшалықтың, сийрек гезлесиўшиликтиң, жеке уқыплылық көринислериниң ҳәм өзгерислердиң шексиз еркинликлери, образлы байланыслылықлар тәбияты, күшли сезимли тәсиршеңлик) инсан тәбиятына тән.

Талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўын Қарақалпақстан аймағындағы сүўретлеў өнериниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўына байланыстырып қарай отырып, бизлер инсанның қәлиплесиўине эстетиканың тәсир етиў процесин есапқа алдық. Усыған байланыслы, бизлер эстетикаға сүўретлеў өнерине оқытыў барысында талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықларының раўажла-

нығына тәсир етиўши әҳмийетли қурам, эстетикалық тәрбия теориясы, эстетикалық педагогика сыпатында дыққат аўдарамыз [2:480].

Биз эстетикалық тәрбия процесин инсанның эстетикалық мәдениятының қәлиплесиўине бағдарланған сүўретлеў өнерине оқытыў барысында талабалардың көркем-дөретиўшилик уқыплылықларының раўажланыўына тиккелей тәсир етиўши аспектлериниң бири сыпатында қараймыз. Эстетикалық мәдениятта дүньяны эстетикалық сезиниў, дүньяға көзқарас, дүньяны түсиниў, дүньяға қатнасық, эстетикалық сезим, қызғын тәсирли-сезимталлы толғаныс сыяқлы бир неше тийкарғы қурам бөлеклерди айырып көрсетиўге болады. Атап айтқанда, миннетли қурам бөлеклери руўхый күшли тәсирли, жигерли, мәнилиликке бағдарланған көзқараслар болған, толық қәлиплескен дөретиўши инсанның раўажланыўына бағдарланған, тап усы жоқарыда атап өтилген жағдайлар тийкарында эстетикалық тәрбия әмелге асырылады. Буннан тысқары эстетикалық тәрбия инсанның өзин-өзи түсиниўине ҳәм өзиниң ишки туйғыларына тереңирек үңилиўине адамның социалласыўының тийкарғы жоқары формаларының бири бола отырып, өзине-өзи баҳа бериўиниң мүмкиншиликлерине жәрдем етеди. Сонлықтан, эстетикалық тәрбияның ең жақсы нәтийжеси, толық қәлиплескен ҳәм унамлы үйлесикли, дөретиўши жеделликли, жоқары дәрежели жеке эстетикалық мәдениятқа ийе, жуўмақ шығара алатуғын, өзине өзи баҳа бере алатуғын инсанды кәмалға келтириў болып табылады. Ҳақыйқатында, эстетикалық тәрбия адамға улыўма инсаныйлық қағыйдалардан мақсетли, таңлаўлы жолы менен, өнимли, епшиллик пенен пайдалана отырып өмирдеги өз жолын табыўына мүмкиншилик жаратады. Буннан тысқары, биз инсандағы дөретиўшилик қатнастың, талап ҳәм мүмкиншиликтиң ояныўына жәрдем ететуғын, ондағы сүўретшини тәрбиялайтуғын эстетикалық тәрбияға тийкарланған креативлиликтиң қәлиплесиўи ҳаққында да айта аламыз.

Инсанның қәлиплесиўиндеги, оның ҳәр тәреплеме раўажланыўындағы эстетикалық тәрбияның тутқан ролин артықша баҳалаў қыйын. Пүткил тарийх даўамында адамның өмири ҳәм искерлигиндеги гөззаллықтың әҳмийети айрықша атап өтиледи. Гөззаллықтың әҳмийетли элементи ҳәм адамның турмыс ҳақыйқатлығына эстетикалық қатнасы сыпатындағы көркем өнердиң тәсири айрықша үлкен ҳәм түрли-түсли. Ол инсанның санасының ҳәм сезимлериниң раўажланыўына, оның көзқарасларының ҳәм исенимлериниң раўажланыўына жәрдем етеди, әдеп-икрамлылықтың қәлиплесиўинде үлкен роль атқарады, адамның руўхый өсиўине жағдай жаратады.

Өмир ҳақыйқатлығын эстетикалық уғыныў тек ғана көркем өнер тараўындағы искерлик пенен шекленип қалмайды: анаў ямаса мынаў түрде ол барлық түрдеги дөретиўшилик искерликте қатнасады. Басқаша айтқанда, адам, ол тиккелей көркем өнер дөретпесин жаратқан ўақытта, өзин поэзияға, реңли сүўретке ямаса музыкаға бағышлағанда ғана художник болып қалмайды. Эстетикалық тийкарлар адам мийнетиниң өзинде, оның қоршап турған өмирди ҳәм өзин-өзи өзгертиўге бағдарланған искерлигинде бар. Бүгинги күнде адам факторын жеделлестириў, руўхый мәдениятты өсириў исиндеги эстетикалық тәрбияның өсип баратырған статусы ҳәм оның мүмкиншиликлеринен жәмийеттиң социаллық-мәдений раўажланыўында оғада аз пайдаланылыўы арасында анық көринип турған қарама-қарсылық бар. Эстетикалық тәрбиядағы пайда болған бул ҳалаттың ақыбети жаман жағдайларға – адамлардың мәдений дәрежесиниң өсиўиниң тоқтап қалыўына, мәдениятсызлықтың, руўхыятсызлықтың өсиўине – алып келиўи мүмкин. Сонлықтан, ҳәзирги заман шараятларында эстетикалық тәрбияны жетилистириўдиң жолларын анықлаў бүгинги күнниң әҳмийетли ўазыйпасы болып табылады.

Инсанның эстетикалық тәрбиясы объектив қарама-қарсылықлар ҳәм субъектив сәйкес келмеўшиликлерди шешиў жолы менен әмелге асырылады. Тийкарғы қарама-қарсылықлар адамға туўылған ўақтында тәбият тәрепинен берилген гөззаллықты уғыныў уқыплылықлары ҳәм мүмкиншиликлери, өмир ҳақыйқатлығы ҳәм көркем өнерге эстетикалық қатнасы себепли келип шығады. Соның менен бирге, бул уқыплылықлар ҳәм мүмкиншиликлер тек мақсетли бағдарланған, тәртиплестирилген, шөлкемлестирилген көркем-эстетикалық билимлендириў ҳәм тәрбиялаў жағдайларында ғана толық жүзеге шығарылыўы мүмкин.

Бул системаны ҳәрекетке келтириўши тийкарғы механизмлер көркем эстетикалық қубылысларды раўажланған эстетикалық түсиниў ҳәм билиў; көркем өнер шығармаларына тийкарланған руўхый қатнасық, адамлардың уқыплылықларын раўажландырыўшы ҳәм оларда дүньяны көркемлик көзқарастан көриўди қәлиплестириўши көркем-дөретиўшилик искерлик болып табылады.

Эстетикалық тәрбия тәрбиялаўдың өз алдына бир түри сыпатында қаралмайды ал тәрбияның барлық басқа түрлериниң бир тәрепи сыпатында қаралады. Көркемлик тәрбия эстетикалық тәрбияның жоқарғы, арнаўлы формасы сыпатында алға шығады. Инсанның көркем-эстетикалық тәрбиясы жеке адам искерлиниң барлық тараўларына; ақыл мийнетине, әдеп-икрамлылық тараўына, мийнет етиў ҳәм т.б. тараўларына да таралады.

Инсанның көркем-эстетикалық тәрбиясы исиндеги баслы жәрдемшиси бүгинги күнде көркем өнер, биринши гезекте сүўретлеў өнери ҳәм қәлеген адамды туўылған ўақтынан баслап-ақ көплеген түрдеги көринисте қоршап туратуғын халықлық әмелий безеў өнери болып табылады. Көркем өнер инсанның үнлесикли ҳәм руўхый дүньясының қәлиплесиўине ҳәм раўажланыўына, абстракт теориялық ойлаўдың раўажланыўына айрықша кеўил бөлиўге жәрдем береди. Оқытыў барысына сүўретлеў өнери шығармаларын киргизиў адамның дүнья жүзилик ҳәм миллий мәдений байлықлары менен танысыўына мүмкиншилик жаратады. Бул өсип киятырған әўладты тәрбиялаў исиндеги зәрүрли, әҳмийетли көзқарас. Эстетикалық тәрбия мәселелерин үйрениў, гөззаллық ҳаққындағы илимди билдириўши «эстетика» түсинигин қараўды талап етеди. Эстетика сөзиниң өзи аўдармада сезиў, сезимди билдиреди. Сонлықтан, улыўма алып қарағанда эстетикалық тәрбия гөззаллық тараўындағы сезимлердиң қәлиплестирилиўин билдиреди. Бирақ, эстетикада бул гөззаллық көркем өнер менен, адамның санасында ҳәм сезимлеринде өмир ҳақыйқатлығының көркем сәўлелениў менен, өмирде усы жол менен жүриўи ҳәм дөретиў уқыплылығы менен байланыслы болады. Бул мәнисте эстетикалық тәрбияның негизи инсанда көркем өнердеги ҳәм өмирдеги гөззаллықты толық сезиниў ҳәм дурыс түсиниўди қәлиплестириўден эстетикалық түсиниклерди, қызығыўшылықларын ҳәм идеалларын пайда етиўден, көркем өнер тараўындағы зейинлиликлерин ҳәм уқыплылықларын раўажландырыўдан ибарат болады. Эстетикалық тәрбия көркем өнер жәрдеминде әмелге асырылатуғын болғаны себепли, оның мазмуны талабаларды ҳәр қыйлы түрлер ҳәм жанрларды үйрениўге ҳәм танысыўға тартыўды өз ишине алыўы тийис. Жоқары оқыў орынларындағы оқытыў бағдарламасына сүўретлеў өнериниң киргизилиўи усы мақсетке хызмет

етеди. Сондай-ақ эстетикалық тәрбияның әҳмийетли тәрепи өмирдеги, тәбияттағы, адамның әдеп-икрамлылық келбетиндеги ҳәм минез-қулқындағы гөззаллықты билиў болып табылады.

Эстетикалық тәрбияның және бир, әҳмийети аз болмаған тәрепи, оның адамның жеке қәсийетлериниң раўажланыўына бағдарланғанлығы болып табылады. Ол усы раўажланыўдың төмендеги тәреплерин өз ишине алыўы тийис:

1. Биринши гезекте, инсанда көркем өнер тараўындағы, жәмийеттиң көркемлик байлықларын түсиниўдеги умтылыўшылықларды қәлиплестириў зәрүр. Бул жумыстағы тийкарғы бағдар жеке адамды көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлери менен әмелде таныстырыўдан, оларды эстетикалық түсиниўге үйретиўден ҳәм эпиўайы эстетикалық пикирлеўге үйретиўден ибарат. Атап өтилген мәселени шешиўде оқытыўшының өзиниң көркемлик жақтан таярлығы ҳәм үлгиси үлкен роль ойнайды. Оқытыўшының көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлериндеги таярлығы ҳәм қәнигелиги талабалардың ишки қарама-қарсылықларды бастан кешириўлери ҳәм олардың эстетикалық раўажланыўының зәрүрли дәрежесин пайда етиў ушын жағдайлар жаратып ғана қалмайды, ал олардың көркем өнерге қызығыўшылығын да пайда етеди.

2. Эстетикалық тәрбияның мазмунының әҳмийетли элементи талабаларда эстетикалық өзлестириўди раўажландырыў болып табылады. Бул өзлестириўлер эстетикалық қубылыслардың кең көлемин қамтыўы тийис. Талабалардың көркемлик өзлестириўин тәрбиялаўда көркем өнер предметлерин салыстырмалы таллаў усылын қолланыў әҳмийетли мәниске ийе болады.

3. Эстетикалық тәрбияның ең әҳмийетли қурам бөлеги көркем өнерди түсиниў менен байланыслы болған билимлерди ийелеў ҳәм өмир ҳақыйқатлығын көркем сәўлелендириў мәселелери бойынша өз пикирлерин ҳәм көзқарасларын билдириў уқыплылырын ийелеў болып табылады. Буның менен талабаларда көркем өнердиң ҳәр қыйлы түрлери ҳәм жанрларындағы ҳақыйқатлықты сәўлелендириўдиң өзине тән айырмашылықлары ҳаққындағы түсиниклерин қәлиплестириў, көркем өнердиң мазмунын ҳәм руўхый-эстетикалық бағдарын таллаў уқыплылығын тәрбиялаў байланыслы болады.

4. Эстетикалық тәрбияның ең маңызлы қурам бөлеги талабаларда гөззаллықты түсинип қабыл етиў ҳәм толғаныў менен байланыслы болған көркемлик қызығыўшылықты қәлиплестириў болып табылады. Инсанды ҳақыйқый көркем өнер дөретпесиниң гөззаллығын ҳәм үнлесиклилигин сезиниўге, көркемликке талапшаңлығын көрсетиўге, сондай-ақ минез-қулқының мәдениятлылығын арттырыўға умтылыўды үйретиў керек.

5. Эстетикалық тәрбияның мазмунында талабаларды көркем-дөретиўшиликке тартыў, олардың сүўретлеў өнерине болған инталылықларын ҳәм уқыплылықларын раўажландырыў үлкен орын ийелейди.

6. Ҳәм, және де эстетикалық тәрбия көркем өнердиң пуқаралық тийкарларын ашыўға ҳәм мәнисин түсиниўге бағдарланыўы ҳәм талабаларда жәмийетлик көзқараслардың ҳәм исенимлердиң, сондай-ақ әдеп-икрамлылықтың қәлиплесиўине жәрдем етиўи тийис. Буның ушын инсанды ҳақыйқый көркем өнер дөретпеси өмир ҳақыйқатлығын, гөззаллықты дөретиўдиң руўхый жалынлылығын дәлиллейтуғынлығын, адамлардың алға илегрилеўшиликке, жақсылықтың, еркинликтиң ҳәм әдилликтиң идеалларын әмелге асырыўға умтылыўшылықларына жағдай туўдыратуғынлығына үйретиў керек [1:302].

Көркем өнердиң әдеп-икрамлылық мазмунын ашыў ушын, талабалардың минез-қулқы ҳәм ойларының руўхый саналылығының тазалығына тәрбиялаўшы сезимлерин ҳәр тәреплеме раўажландырыўшы ҳәм беккемлеўши, олардың ақыл менен ойлаў ҳәм күшли сезимталлы руўхый өмирине тәсир көрсетиўши, тыңлаўшылар менен аудиториялық ҳәм өзбетинше жеке ислесиўдиң ҳәр қыйлы түрлери кеңнен қолланылады. Бул жерде ис соннан ибарат, эмпатия деп аталған түсиник өзин көрсетеди, яғный бунда адам өзин басқа биреўдиң орнына қойып көриўге, оның сезимлери ҳәм тәсирлениўлери менен жасаўға, оның ҳәрекетлери ҳәм қылықларына еликлеўге умтылады. Изертлеўшилик, дөретиўшилик искерлик, дөретиўши процессти раўажландырыўшы, жоқары дәрежедеги мийнетке уқыплылықты тәмийинлеўге себепши болатуғын қызығыўшылықтың тәсирлилиги менен тиккелей байланыслы. Күшли сезимлилик сыпатындағы тап усы қызығыўшылық адамның қыялын ҳәм еслеўлерин белгилейди, оның түсиниўиниң, кеўил бөлиўиниң ҳәм еслеп қалыўының мазмунын келтирип шығарады. Жаратылып атырған көркем өнер дөретпесиниң зәрүрли қурам бөлеги бола отырып, көркем-дөретиўшиликтеги күшли сезимли тәсирлениў ҳалаты, усы дөретпедеги тийкарғы ойды жанлы түрде көрсетиўши мазмунлық аспект болып табылады. Сонлықтан, көркемлик билимлендириў, инсанның күшли тәсирли сезимталлық дүньясын қәлиплестириўши дөретиўшилик процессти өз ишине алады. Буннан тысқары, бул жерде, адамның көркем-дөретиўшилик уқыплылықлары менен тығыз байланыслы болған эмпатия мәселесин де ашыў орынлы болады.

Ҳәр тәреплеме жетилискен универсал дөретиўши инсанды раўажландырыў ушын зәрүрли болған ең әҳмийетли эстетикалық-педагогикалық талап эмпатиялық зейинлиликти тәрбиялаў болып табылады. Көркем өнерге нәтийжели оқытыў ушын адамның көркем-дөретиўшилик уқыплылықларын раўажландырыўға қолайлы шараятлар жаратыў зәрүр, бундай жағдайдың ажыралмас бөлеги эмпатия болып табылады. Бул тараўдағы изертлеўлер эмпатияны үйрениўде педагог ҳәм талаба арасында белгили дәрежедеги уқсаслықтың болыўы кереклигиниң тиккелей байланыслылығын көрсетти. Бунда, эмпатияны келтирип шығарыўға себепши болатуғын тийкарғы күш сыпатындағы унатып қалыў сезимин пайда ететуғын идентификациялаў, өзине теңлестириў жүзеге келеди. Сонлықтан, педагогтың алдына, унатып жақсы көрип қалыўға тийкарланған ҳәм оған көркем өнерге, дөретиўшиликке оқытыўдың тийкарғы нызамлылықларының бири сыпатында кеўил бөлинетуғын, оқытыўды жетилистириў усылларын ислеп шығыў ўазыйпасы қойылады.

Кең мәнисинде, эстетикалық тәрбия дегенде, адамда оның өмир ҳақыйқатлығына эстетикалық қатнасын мақсетли қәлиплестириў түсиниледи. Бул, субъект (жәмийет ҳәм оның арнаўлы институтлары) тәрепинен объектке (жеке адам, инсан, топар, жәмәәт) байланыслы, оларда анық белгили бир жәмийетте қәлиплескен эстетикалық ҳәм көркемлик қунлылықлардың сыпатламалары ҳәм ўазыйпалары ҳаққында қәлиплескен түсиниклер тийкарында усы қунлылықлар дүньясын түсиниў системасын қәлиплестириў мақсетинде әмелге асырылатуғын жәмийетлик әҳмийеттеги арнаўлы ис алып барыў түри. Тәрбиялаў барысында жеке адамды көркемлик қунлылықларға қызықтырыў, оны бағдарлаў жолы менен ишки руўхый мазмунға өзгертиў жүзеге келеди. Усы тийкарда адамдағы эстетикалық уғыныў ҳәм толғаныў сезимине уқыплылық оның эстетикалық қызығыўшылықлары ҳәм идеал ҳаққындағы түсиниклери қәлиплеседи ҳәм раўажланады. Гөззаллық ҳәм ол арқалы тәрбиялаў инсандағы эстетикалық-қунлылықты түсиниўди ғана қәлиплестирип қалмайды, ал оның жумыс ислеў тараўында, турмыста, ис-ҳәрекетлеринде, жүрис-турысында дөретиўшилик етиў, эстетикалық байлықлар жаратыў уқыплылығын раўажландырады.

Эстетикалық тәрбия, адамның дөретиўшиликтиң хәр қыйлы тараўларында зәрүр болатуғын барлық руўхый уқыплылықларын үйлестиреди. Ол әдеп-икрамлылық тәрбия менен тығыз байланыслы себеби гөззаллық адамлар арасындағы өз-ара қатнаслардың өзине тән тәртиплестириўшиси хызметин атқарады. Гөззаллық себепли адам көбинесе ишки сезим арқалы жақсылыққа талпынады. Шамасы гөззаллықтың жақсылыққа сәйкес келиўи дәрежеси бойынша эстетикалық тәрбияның әдеп-икрамлылыққа үгит-нәсияттлаўшылық ўазыйпасы ҳаққында айтыўға болатуғын болса керек. Инсанның эстетикалық тәрбиясы хәм раўажланыўы эстетикалық тәрбия системасы жәрдеминде әмелге асырылады. Оның тийкарында бир қатар принциплер жатады:

1. Эстетикалық тәрбияның ҳәм көркемлик билимлендириўдиң ҳәммеге ортақлығы, адамлардың өзлериниң руўхый өмиринде, күнделикли жумыс ислеўи барысында, көркем өнер ҳәм тәбият пенен қатнасында, турмыста ҳәм өз ара қатнасларында бәрқулла эстетикалық қубылыслар менен өз ара тәсир етисиўи себепли келип шығады.

2. Адамларға ҳәмме жерде ҳәм бәрқулла гөззаллық ямаса сықылсызлық, қайғылылық ямаса күлкилилик жолдас болады. Буннан, эстетикалық саўатлылыққа, идеалларға, эстетикалық раўажланыўға ҳәм билимлиликке ийе болмаған, жумыс ислегенде ислеп шығарған өниминиң сапасын эстетикалық жетикликке жеткере алыўды билмейтуғын, хәр тәреплеме үйлесикли раўажланған адам болыўы мүмкин емеслиги келип шығады.

Сонлықтан, бир сөз бенен айтқанда, барлық адамлар ушын эстетикалық тәрбия ҳәм раўажланыўдың ғалабалығы ҳәм миннетлилиги жәмийеттеги белсенди инсанды қәлиплестириўдиң, оны руўхый өмирге ҳәм мийнетке таярлаўдың шәрти болып табылады. Эстетикалық тәрбия системасын шөкемлестириў, сондай-ақ пүткил тәрбия исине комплекс қатнаста болыў принципине тийкарланады. Талабаларды эстетикалық тәрбиялаўда көркем өнердиң хәр қыйлы түрлери адамға комплексли тәсир ете отырып, өз ара байланыста хәрекет етеди. Бул өз ара тәсир етисиўлер көркем өнердиң хәр қыйлы түрлерин оқытыўдағы предметлер арасындағы тығыз байланыслар арқалы әмелге асырылады. Эстетикалық тәрбия, сондай-ақ илимниң, мийнеттиң, дене тәрбиясының, қатнасықлар ҳәм күнделикли турмыс гөззаллығын ашыў арқалы да комплексли әмелге асырылады.

Эстетикалық тәрбия системасы адамның барлық көркем-эстетикалық искерлигиниң, өмир менен, инсанның дүньяға көзқарасының ҳәм әдеп-икрамлылығының қәлиплесиўи барысындағы жәмийеттиң жаңаланыўы практикасы менен ажыралмас байланыслылық принципине сүйенеди. Өзгерип атырған өмир менен ажыралмас байланыслылықтағы ҳақыйқат адам өмириндеги ҳәм жоқары көркем өнердеги эстетикалық қубылыслар өмир ҳақыйқатлығына эстетикалық қатнасты қәлиплестиреди. Оқыў барысында талабалар көркем өнердиң айрықша өзгешеликлерин билиўдиң ҳәм оны таллаўдың ең улыўма тийкарларын ғана өзлестиреди, көркемдөретиўшилик искерликтиң басланғыш көнликпелерин ийелейди. Көркем өнер тийкарлары бойынша оқыў бағдарды белгилеп береди, талабаның көркем-идеялық тәрбиясының ҳәм дөретиўшилик раўажланыўының тийкарғы бағытын белгилейди. Аудиториялардағы сабақлар менен бир қатарда талабалар ғалаба байланыс қураллары арқалы да мағлыўматлар алады, олар өз интасы менен дөретиўшилик пенен шуғылланыў ҳәм өзин жүзеге шығарыў ушын кең имканиятларға ийе. Талабалардың барлық дереклерден ҳәм бирден пайда болған қызығыўшылықларынан алынған мағлыўматларды эстетикалық тәрбия мақсетинде пайдаланыў, тек аудиториядан тыс жумыслар бағдарламасы, олардың еркин таңлап алған көркемлик искерлигиниң формалары ҳәм усыллары мақсети ҳәм мазмуны бойынша аудиториялық сабақлар бағдарламасы менен тығыз биригип кеткен жағдайда ғана мүмкин болады. Инсанның эстетикалық ҳәм улыўма қәлиплесиўиниң ажыралмас байланыслылығы, адамның көркемлик ҳәм улыўма психологиялық раўажланыўының ажыралмас бирлиги принципиниң зәрүрлигин келтирип шығарады. Талабалардың көркем-эстетикалық искерлиги олардың қыял етиўиниң, күшли сезимлериниң, образлы ҳәм ақылға муўапық ядлап қалыў, ойлаўының күшли раўажланыўын тәмийинлейди. Өз гезегинде, талабалардың жәмийетлик пайдалы жумыс, ақыл мийнети, физикалық жумыс пенен шуғылланыў барысында ийелеген уқыплылықлары көркем-эстетикалық тараўда кеңнен пайдаланылады.

**Әдебиятлар**


1. Современные концепции эстетического воспитания (теория и практика). Ответственный редактор Н.И.Киященко. -М.: 1998.
2. Философский словарь (под ред. Фролова) 7-е издание, переработанное и дополненное. -М.: Республика, 2001. –С.719.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақола ҳозирги давр эстетик тарбия тизими, талабаларнинг ижодий имкониятларининг ривожланиши масалаларини акс эттиради, чунки ўқувчиларни фаоллаштириш масаласи ҳозирги замон педагогика илмининг ва иш тажрибасининг энг муҳим масалалари қаторига киради.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам эстетического воспитания, развитию художественно-творческих способностей студентов, так как в современном обществе возросло внимание к проблеме художественного образования.

**SUMMARY.** The article is devoted to the issues of aesthetic education, the development of artistic and creative abilities of students, since in modern society attention to the problem of art education and experience has increased.


## TA'LIMDA FANLARARO INTEGRATSIYANI TA'MINLASHDA INNOVATSION TA'LIM TEXNOLOGIYALARDAN FOYDALANISH


**D.A.Zaripova** – *pedagogika fanlari bo'yicha falsafa doktori*

*Muhammad al-Xorazmiy nomidagi Toshkent axborot texnologiyalari universiteti*



**Tayanch so'zlar:** ta'lim islohotlari, innovatsion o'qitish, faol ta'lim, innovatsion faoliyat, elektron ta'lim, kompyuter yordamida o'qitish, aqlli texnologiyalar.

**Ключевые слова:** образовательные реформы, инновационное обучение, активное обучение, инновационная деятельность, электронное обучение, компьютерное обучение, смарт-технологии.

**Key words:** educational reforms, innovative teaching, active learning, innovative activities, e-learning, computer-assisted teaching, smart technologies.


O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017- yil 20-apreldagi PQ-2909-son "Oliy ta'lim tizimini yanada rivojlantirish chora-tadbirlari to'g'risida"gi qarorida "Har bir oliy ta'lim muassasasi jahonning yetakchi ilmiy ta'lim muassasalari bilan yaqin hamkorlik aloqalari o'rnatish, o'quv jarayoniga xalqaro ta'lim standartlariga asoslangan ilg'or pedagogik texnologiyalar, o'quv dasturlari va o'quv-uslubiy materiallarini keng joriy qilish, o'quv-pedagogik faoliyatga, master-klasslar o'tkazishga, malaka oshirish kurslariga xorijiy hamkor ta'lim muassasalaridan yuqori malakali o'qituvchilar va olimlarni faol jalb qilish ..." ta'kidlanib, ushbu qarorning ijrosini ta'minlash muhim ahamiyat kasb etadi.

Innovatsion faoliyatini rag'batlantirish, ilmiy va innovatsiya yutuqlarini amaliyotga joriy etishning samarali mexanizmlarini yaratish, oliy o'quv yurtlari huzurida ilmiy-eksperimental laboratoriyalar, yuqori texnologiya markazlari va texnoparklarni tashkil etish muhim